दिन–सोमवार दिनांक–07.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार शिक्षक सभक स्थनांतरन नीति जारी कऽ देलक अछि। शिक्षा मंत्री सुनील कुमार पटना मे नव नीति जारी करैत जनौलनि जे बिहार लोक सेवा आयोग सँ चयनित आओर सक्षमता परीक्षा पास करयबला शिक्षक सभ बदलि नीतिक दायरा मे रहताह। स्थानीय निकाय द्वारा नियुक्त शिक्षक सभ के नव नीति सँ बाहर राखल गेल अछि। श्री कुमार जनौलनि जे असाध्य आओर गंभीर रोग, शारीरिक दिव्यांगता आओर मानसिक दिव्यांगता सँ ग्रसित शिक्षक सभ के हुनक विकल्पक पंचायत, नगर निकाय, प्रखंड, अनुमंडल या जिला मे बदलि कयल जायत। संगहि, विधवा आओर परित्यक्त शिक्षिकाक पदस्थापन हुनक विकल्पक पंचायत, नगर निकाय, प्रखंड, अनुमंडल या जिला मे कयल जायत। नव नीतिक अनुसार शिक्षक दाम्पति के एकहि विद्यालय मे पदस्थापना कयल जायत। ओतहि, पुरूष शिक्षक सभक बदलि गृह अनुमंडल मे नहि होयत। शिक्षा मंत्री जनौलनि जे शिक्षक सभ के हुनक सेवा कालक हरेक पांच वर्ष पर बदलि कयल जायत। ओ जनौलनि जे बदलि लेल एहि मास सँ आवेदन लेल जायत आओर दिसंबर मास धरि पदस्थापना कऽ देल जायत।

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह जनौलनि अछि जे केन्द्र आओर राज्य सरकारक बिच बढ़ियां संबंध सँ वर्ष दू हजार छबीस धरि देश सँ वामपंथी उग्रवाद के पूरा खत्म कऽ देल जायत। श्री शाह आइ नव दिल्ली मे वामपंथी उग्रवाद प्रभावित राज्य सभक मुख्यमंत्री लोनिक संग एक समीक्षा बैसकक अध्यक्षता कयलनि। ओ जनौलनि जे नक्सलवाद विकास लेल सभ सँ पैघ बाधा अछि आओर एहि सँ किनको भला नहि होयत। श्री शाह नक्सलवाद सँ जुड़ल सभ युवा सँ हथियार छोड़ि कऽ मुख्य धारा मे अयबाक लेल जनौलनि अछि। बैसार मे बिहारक उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित नक्सलवाद प्रभावित कतेको राज्यक मुख्यमंत्री सभ छलाह।

---

दिल्लीक एक अदालत नोकरीक बदला जमीन घोटाला सँ जुड़ल धनसोधन मामिला मे राजद अध्यक्ष आओर पूर्व रेलमंत्री लालू प्रसाद, हुनक पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव आओर तेजप्रताप यादव सहित सभ आरोपीक जमानत स्वीकार कऽ लेलक अछि। अदालत जनौलक जे आरोपी सभ के बिना गिरफ्तारी के हुनका सभक खिलाफ आरोप पत्र दाखिल कयल गेल छल। आब ई मामिला सुनवाई पचीस अक्टूबर कऽ होयत। अदालत सभ आरोपी के अपन पासपोर्ट जमा करबाक लेल सेहो जनौलक अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ ग्रामीण विकास विभागक कतेको योजनाक लाभार्थी सभक खाता मे सोलह सय पचास करोड़ टाका सँ बेसीक राशि देलनि। पटना मे आयोजित ई समारोह मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हाक संग–संग ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार सेहो छलाह।

———————————————————————

भूमि सुधार आओर राज्सव विभागक मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि अछि जे नव राष्ट्रीय शिक्षा नीति भारतीय ज्ञान परंपरा जेहेन अछि। ओ आइ ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय दरभंगा मे नव शिक्षा नीति पर आयोजित एक कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलाह। डॉक्टर जायसवाल विश्वविद्यालयक शोधार्थि सभ सँ ऐहेन विषय पर शोध करबाक लेल जनौलनि जे समाजक हित मे हो।

———————————————————————

पूर्णियां जिलाक अमौर मे पुलिस आओर एस.टी.एफक टीम एनकांउटर मे नामी–गिरामी अपराधी मोहम्मद बाबर के मारि देलक अछि। एस.डी.पीओ पुष्कर कुमार जनौलनि जे किशनगंज जिलाक मोहम्मद बाबर पर बिहार आओर पश्चिम बंगाल मे अठारह सँ बेसी मामिला छल। ओ पछिला वर्ष भागलपुरक हुसैनाबाद मे भेल बम विस्फोटक घटनाक सेहो मुख्य आरोपी छल।

———————————————————————

शारदीय नवरात्रक पाचम दिन आइ देवी दुर्गाक स्कंदमाता स्वरूपक पूजा विधि–विधान संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे स्कंदमाता अपन भक्त सभक सभ इच्छा के पूरा करैत छथि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे मंदिर आओर शक्ति पीठ सभ मे भोरे सँ लोकसभ पूजा–अर्चना लेल आबि रहल छथि। कतेको पूजा पंडाल मे माँ

दुर्गाक प्रतिमा आओरे पंडाल सभ के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। चहुँदिश माँ दुर्गाक मंत्र आओर भजन सुनल जा रहल अछि। एहि सँ पूरा वतावरण भक्तिमय भऽ गेल अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूरा कमजोर पड़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच बेगूसरायक मटिहानी मे सभ सँ बेसी छबीस दशमलव छओ मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच राज्यक किछु क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे एक–दू ठाम मेघ गर्जक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

————————————————————————

दरभंगा जिलाक बहेड़ा थानाक मालिया चौक लऽग सड़क हादसा मे दू सहोदर भाई सहित तीन युवकक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि एक आन घायल भऽ गेलाह।

अररिया जिलाक फारबिसगंज थानाक धनपुरा गाम मे पुलिस आओर कृषि विभाग टीम छापामारि कऽ एक बंद पड़ल गोदाम सँ सतासी बोरा नकली खाद बरामद कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त